# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–22 अक्टूबर 2024** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ के संजय गांधी पीजीआई में एक हजार एक सौ सैंतालीस करोड़ रूपिये के एडवांस डायबिटीज सेंटर, टेली आई सी यू, सलोनी हार्ड सेन्टर अउर कॉलेज ऑफ मेडिकल टेक्नोलॉजी के हास्टल क उद्घाटन कइलें सथहीं एडवांस पीडियाट्रिक सेंटर, सलोनी हार्ड सेन्टर के दुसरका चरण अउर रैन बसेरा क सिलान्यासो कइलें। येह मौका पर आयोजित कार्यक्रम के संबोधित करत मुख्यमंत्री कहलें कि दुई हजार सत्रह से पहिले जहवां प्रदेस में खाली अट्‌ठारहे जिलन में मेडिकल कॉलेज रहल ओंही आजु चौंसठ जिलन में मेडिकल कॉलेज संचालित हो रहल बाटे। प्रदेस आजु वन डिस्ट्रिक्ट वन मेडिकल कॉलेज के दिसा में तेजी से आगे बढ़ि रहल हवे। उहां के कहलीं कि आजु प्रदेस मे एमबीबीएस अउर पीजी के सीटि पहिले के तुलना में दुइ गुना बढ़ि गइल हवे। येह मौका पर उप मुख्यमंत्री बृजेश पाठको मौजूद रहलें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ के इंदिरा गांधी प्रतिष्ठान में सात दिन ले चले वाला सिल्क एक्सपो क उद्घाटन कइलें। येह मौका पर आयोजित कार्यक्रम के संबोधित करत मुख्यमंत्री कहले कि रेडीमेड गारमेन्टस बदे हमहन के लग्गे संसाधन अउर संभावना दुन्नो बाटे, जो त महिला लोगिन के रेशम उत्पादन, प्रोसेसिंग, रेडिमेड, गारमेंट, डिजाइनिंग, मार्केटिंग अउर पैकेजिंग के साथे जोड़ लिहल जाए त प्रदेस अउर देस येह ब्योपार में दुनियाभर मे आपन धाक बना सकेला। मुख्यमंत्री कहले कि रेशम उत्पादन के चौरासी गुना बढ़वले में हमहन के सफलता मिलल हउवे। अब उ समय आ गइल बाटे कि प्रदेस क किसान रेशम उत्पादन में देस के अगुवा राज्यन मे गिनल जाए। ये मौका पर मुख्यमंत्री रेशम मित्र पत्रिका क विमोचन कइले अउर सोरह किसानन, उद्यमियन, संस्थानन अउर डिजाइनर लोगिन के **पंडित दीनदयाल उपाध्याय रेशम रत्न सम्मान** से सम्मानित कइलें। मुख्यमंत्री सिल्क एक्सपो में लागल प्रदर्शनियों देखलें ।कार्यक्रम में एमएसएमई मंत्री राकेश सचानो मौजूद रहलें।

**********

अजोध्या में दिवाली के मौका पर आयोजित होखे वाले दीपोत्सव कार्यक्रम क तइयारी जोरिया गइल बाटे। येह बेरि भगवान राम के नगरी में दीपोत्सव पर पचीस लाख दीया जरवले क लक्ष्य रक्खल गइल बाटे। दीपोत्सव के सफलता के मनोकामना बदे परंपरा क मोताबिक आजु अवध विश्वविद्यालय की ओरि से राम के पैडी पर धार्मिक अनुष्ठान कइल गइल। येह मौका पर यजमान के रूप में कुलपति प्रतिभा गोयल मौजूद रहलिन। अुनष्ठान के बादे कुलपति कहलिन कि जनमभूमि पर रामलला के स्थापित भइले के बाद आयोजित होखे वाले येह पहिला दीपोत्सव के लेके ढेरे उछाह बाटे।

**********

बनारस के ज्ञानवापी के हाता में वजूखानो क आर्कियोलॉजिकल सर्वे आफॅ इण्डिया से वैज्ञानिक सर्वेक्षण करवले के मांग के ले के दाखिल पुनरीक्षण याचिका पर अब आठ नवम्बर के सुनवाई होई। प्रयागराज हाईकोर्ट क न्यायमूर्ति रोहित रंजन क पीठि दलील सुनले के बाद सुनवाई क अगिला तारीख दे दिहले हवे।

**********

केन्द्रीय श्रम अउर रोजिगार मंत्री मनसुख मांडविया नई दिल्ली में असंगठित क्षेत्र के श्रमिकन क समेस्या के समाधान बदे ई–श्रम पोर्टल क सुरूआत कइलें। उहां के कहलीं कि ई पोर्टल असंगठित क्षेत्र के श्रमिकन ले विभिन्न सामाजिक सुरक्षा योजना क फायदा बिना कउनों बाधा के पहुंचावल सुनिस्चित करी। केन्द्रीय मंत्री श्रमिकन से ई–श्रम पोर्टल से जुड़ले क अपीलि कइले हवें।

**********

प्रदेस क अपर मुख्य सचिव दीपक कुमार सज्जो जिलन के जिला प्रसासन के एगो आदेस जारी कइ के सज्जो राज्य करमचारियन अउर सहायता प्राप्त आ प्राविधिक सिक्षण संस्थानन में देवाली से पहिले तनखाहि दिहले क निरदेस दिहले हवें। उहां के बतवलीं कि देवाली तिउहार के श्रृंखला के देखत करमचारियन के सुविधा बदे राज्यपाल देवाली से पहिले तनखाहि दिहले क मंजूरी दे दिहले हइनि।

**********

लखनऊ के अटल बिहारी वाजपेयी इकाना स्टेडियम में खेलल गइल एगो मैच में आजु चंड़ीगढ़ क महिला टीमि त्रिपुरा के टीमि के आठ बिकेट से हरा दिहलसि। भारतीय क्रिकेट कंट्रोल बोर्ड के सीनियर महिला टी–20 प्रतियोगिता के ग्रुप डी के मोकाबिले में त्रिपुरा टास्क जितलसि अउर पहिले बल्लेबाजी करत एक सौ एक रन बनवलसि। जबाब में चंडीगढ़ क टीमि खाली दुइये बिकेट गंवा के लक्ष्य के हासिल कइ लिहलसि। एगो अउरियो मैच में रेलवे क महिला टीमि केरल के टीमि के पैंतीस रन से हरा दिहलसि।

**********

गोरखपुर के रामगढ़ताल में बिहने से छब्बीस अक्टूबर ले सब जूनियर नेशनल रोइंग चैंपियनशिप क आयोजन होखे जा रहल हवे। एहमें बीस राज्यन क दुइ सौ तैंतालीस खेलाड़ी हिस्सा लीहें येह चैम्पियनसिप क सुभारम्भ खेल मंत्री गिरीश चन्द्र यादव करिहें। आखिरी दिन्ने समापन कार्यक्रम में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ मुख्य अतिथि के रूप में मौजूद रहिहें।

**********